

**OMNY**

Sa pou w konnen konsènan

**Kat OMNY Tarif  
ki Gen Rabè w la**



**Men tout sa w bezwen konnen  
konsènan tape Kat OMNY Tarif ki  
Gen Rabè w la pou trajè nan tren  
ak nan bis ou yo.**

## **Fason pou w met lajan sou li**

Mete lajan sou Kat OMNY Tarif ki gen rabè w la nan plizyè kote ak lajan kach, kredi, oswa debi, menm jan ak MetroCard la

- Machin distribisyon OMNY yo ki nan estasyon tren yo: **omny.info/omny-card**
- Magazen ki pre w sa gen ladan I CVS ak Walgreens: **omny.info/retail**
- Anliy ak yon kont OMNY gratis: **omny.info**

## **Fason pou w gen yon kont OMNY gratis**

Ale sou **omny.info** pou w anrejistre.

Konekte kat OMNY w lan ak kont ou kòm kat vwayaj pou w verifye ak rechaje balans, konfigire rechaj otomatik, suiv vwayaj ou, ak plis.

Ou pa bezwen yon kont OMNY pou w tape.

## **Fason pou w transfere yon balans MetroCard**

Ale nan yon Sant Sèvis Kliyan MTA oswa yon bis Vant Mobil



## Si w pèdi I

Ale nan yon Sant Sèvis Kliyan oswa yon bis Vant Mobil pou yon ranplasman kat. Nouvo kat ou a pral kenbe nenpòt balans ki rete nan moman ou deklare li pèdi a.

Pou w bloke yon kat ki pèdi oswa yo volè, rele Sant Apèl OMNY an ak bay nimewo kat la, oswa ale sou **omny.info** si kat ou a konekte ak yon kont OMNY.

## Fason pou w itilize I

Tape Kat OMNY Tarif ki Gen Rabè w la nan tren ak bis MTA yo, Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, ak Hudson Rail Link.

Si w peye pou 12 vwayaj ak Kat OMNY Tarif ki Gen Rabè w la nan sèt jou, nenpòt lòt vwayaj nan peryòt sèt jou sa a ap gratis.

Ou ka sèlman peye pou pwòp vwayaj ou ak yon Kat OMNY Tarif ki Gen Rabè.

Si kat ou a pa aksepte lè w tape, verifye balans ou. Si ekran an di “Ride Limit Exceeded (Limit Vwayaj Depase)”, ou fenk sot tape nan menm estasyon an e w dwe ret tann 15 minit ant tan ou tape yo.

# OMNY

## Kontakte nou

- Jwenn yon Sant Sèvis Kliyan nan youn nan 15 estasyon tren ki pre w yo: **mta.info/csc** oswa rele **511**
- Ale nan Sant Sèvis Kliyan nou an ki nan 3 Stone St in Lower Manhattan, lendi jiska vandredi, 9 am jiska 5 pm
- Rele Sant Apèl OMNY an nan **877-789-6669**
- Al rankontre ekip vandè mobil nou genyen ki nan katye w: **mta.info/mobilesales**

**Aprann plis**

**mta.info/omny**